

## KRITIK SATRA FEMINISME WONTEN ING KEMPALAN CERKAK MARUKU ANGGITANIPUN TITIK RENGGANI

### CRITICISM OF LITERATURE FEMINISM IN THE COMPILATION OF CERKAK MARUKU BY TITIK RENGGANI

Dening: Siti Deni Fitria Sari, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

#### Abstrak

Panaliten kanthi irah-irahan *Kritik Sastra Femenisme* ing Kempalan Cerkak *Maruku Anggitanipun Titik Renggani*, gadhah ancas kangge ngandharaken citra wanita saha *penimpangan gender* paragatama wanita ing kempalan cerkak *Maruku*. Panaliten menika kalebet panaliten *deskribtif* kanthi migunakaken pendekatan *kritik sastra feminisme*. Data ing panaliten menika *data lunak* ingkang awujud tembung, frasa, ukara, saha *paragrap* wonten ing kempalan cerkak Maruku anggitanipun Titik Renggani. Caranipun ngempalaken *data* kanthi cara teknik maos, saha nyerat. Pirantining panaliten migunakaken kertu *data*. Data dipunanalisis mawi cara *deskriptif* kanthi ngandharaken citra wanita saha *penimpangan gender* paragatama wanita ing kempalan cerkak Maruku anggitanipun Titik Renggani. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantik*. Wondene *reabilitas* wonten panaliten menika migunakaken *reliabilitas intrarater*, saha *interrater*. Citra wanita paragatama wanita ing kempalan cerkak Maruku anggitanipun Titik Renggani menika saged dipuntingali saking titikan peran ing kulawarga saha ing masyarakat, saking watakipun saha *stereotipe* ingkang dipuntingali saking *emosional* saha *irasional*. Menawi *kritik feminis* menika dipuntingali saking titikan *penimpanagn gender* saking paraga wanita ing kempalan cerkak *Maruku anggitanipun Titik Renggani*.

Pamijining Tembung : *Kritik sastra, feminis, citra wanita, stereotipe wanita, ketimpangan gender*. kempalan cerkak *Maruku*.

#### Abstract

The research entitled Criticism of Feminism Literature in Cerkak Maruku by Titik Renggani, aims to reveal the image of women and gender deviations of women's main role in the Cerkak of my maruku. This research entered the deskreibtf research by using criticism approach feminism literature. The data in this research is soft data which is in the form of words, phrases, sentences, and paragraphs in the cerebonic sphere of maruku by Titik Renggani. How to collect data using reading, and writing techniques. Research tools use data cards. Data were analyzed by descriptive method by expressing woman image and gender deviation of woman main role in collection of maruku cerkak by TitikRenggani. Validation used is semantic validation, while reliability in this research use intrarater reliability, and interrater. The image of the main role of women in this march of my marriage can be seen from roles in the family and society, from the performances and stereotypes seen from an emotional and irrational viewpoint. While the criticism of feminism can be seen from gender divergence from the role of women in a collection of cerebon maruku essay Titik Renggani.

## PURWAKA

Kawontenanipun wanita wonten ing *kutub tradisi* saha *kutub modrenisasi* satemah ndadosaken *problema* ingkang narik dipunkaji. Saking paninggalipun kelompok masyarakat ngandharaken bilih wanita kedah lenggah saha kaiket dening tradisi, wonten malih ingkang ngandharaken bilih wanita menika ugi kedah napak wonten ing *modernisasi* ingkang nuwuahken kamardikan. Salah satunggaling *isu* ngandharaken wonten ing perjuangan para fenimis indonesia inggih menika *isu* penting saking pendidikan kangege wanita saha maringi peran kangege wanita satemah saged makarya ing *ranah publik*. Kathah babagan wanita ingkang dipunginakaken para sastrawan kangege tema wonten ing karya sastra. *Kritik sastra* menika mujudaken andharan karya panganggit wanita ingkang nyariosaken bilih wanita ing jaman samenika sampun gadhah hak kamardhikan ingkang sami kaliyan priyantun kakung. Wonten ing karya sastra menika padhatanipun dipunandharaken paraga wanita saking mapinten-pinten perkawis saha nalar ingkang nagndharaken bilih wanita ing jaman samenika boten sami kaliyan wanita jaman rumiyen ingkang boten gadhah daya. Nalaring masyarakat dening wanita ingkang kados mekaten nuwuahken wontenipun *feminisme*. Salah satunggaling *karya sastra* ingkang ngrebag babagan wanita inggih menika kempalancerkak “Maruku” anggitanipun Titik Renggani.

Wonten ing kempalan cerkak tamtu wonten paraga-paraga ingkang ndayani cariyo, kathah-kathahipun paragatama wonten karya sastra mliginipun cerkak menika wanita. Wanita asring

dipundadosaken paragatama amargi wanita menika tamtu narik kawigaten boten namung saking badhanipun ugi nalaripun, kapinteranipun, raosipun, manahipun, lan sapanunggalipun. Cerkak *Maruku* menika boten namung dipunserat kanthi paraga utamanipun wanita ananging pangganggit cerkak *Maruku* menika ugi wanita. Babagan menika dodosaken kathah pitakenan ingkang saged dipunrembag. Kadospundi babagan wanita ingkang kathah narik kawigatosan dipunpersani saking *sudut pandang* nalaring wanita piyambak minangka panganggit cerkak *Maruku*. Babagan menika ingkang narik kawigaten, satemah panaliten menika ngrengbag babagan *kritik sastra feminis* wonten ing *kempalan* cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani.

Miturut Krisna Miharja miturut Satiyoko (2010:126) cerkak asring dipuntegesi carita ingkang dipuncekak perkawis wosipun. Carita cekak inggih menika karangan prosa ingkang nyariosaken paraga wonten ing satunggaling kahanan kathi wekdal ingkang cekak. Cerita cerkak adatipun kirang *kompleks* tinimbang Novel. Cerkak adatipun cariyosipun namung kadadosan saking setunggal fragmen, nggadhahi satunggal *plot* utawi *alur*, *setting* ingkang *tunggal*, cacahing paraga ugi winates, cakupan wekdalipun ugi cekak. Bilih dipunwujudaken cariyos ingkang langkung wiyar. Cariyos menika gadhah suraosing unsur tartamtu saking struktur dramatis, inggih menika *eksposisi* (ingkang nglantarken *setting*, wekdal saha paraga utama), *komplikasi* (kadadosan ing salebetung cariyos ingkang nepangaken konflik), *krisis* (wekdal ingkang nemtokaken paraga utama anggenipun

tumindak rikala ngadepi konflik), *klimaks* (punjering cariyos ingkang dados perangan ingkang wigati piyambak), wasana (peranganing cariyos rikala konflik saged karampungaken) saha bab moralipun).

Feminis menika saking tembung *femme* (woman) ingkang tegesipun wanita ingkang nuntut hak-hak para wanita wonten ing kelas sosial. Feminisme menika sejatosipun kagiyatan para wanita kangge ndamel hak antawisipun wanita kaliyan priya menika sami. Miturut Ratna lumantar Djoko (2004 : 184) feminismne inggih menika marginalisasi, saha subordinasi ingkang asring dipuntampi dening para wanita ingkang mujudaken kagiyatan ingkang ndadosaken wanita menika boten nampi sedaya perkawis menika.

*Kritik sastra feminismne* inggih menika kritik sastra ingkang wosing panaliten menika ngrembag babagan wanita. Sejatosipun *feminismne* menika gadhah gegayutan ingkang raket kaliyan *gender*. *Feminismne* tuwu adhedasar wontenipun nalaring wanita babagan hak wanita supados sami kaliyan priyantun kakung. *Kritik sastra femenisme* menika aliran wanita minangka pamaos (*woman as reader*) fokusipun nggrembag citra lan *stereotipe* wanita wonten ing sastra, klentunipun panganggep babagan wanita wonten ing kritik saderengipun saha wonten ing sujarah satra ingkang kawujud dening priyayi kakung (Showalter, 1985 Pradopo (2005 : 80) ngandharaken bilih citra inggih menika wewayangan wonten ing nalar saha basa ingkang nggamaraken wewayangan menika. Citra wanita wonten ing karya sastra menika wigati sanget menawi badhe dipuntliti amargi saged ngandharaken nalar utawi wewayangan babagan

wanita, kados pundi kadudukan kaliyan peranipun wanita wonten ing masarakat, saha menapa kemawon ingkang dipungadhahi wanita ing lingkungan patriarki wonten ing karya sastra Ruthven (1984 : 24).

Sampun wiwit dangu pola-pola sosial dipunlampahi dening masyarakat kanthi cara ingkang beda saking wanita saha priyayi kakung. Wiwit sing lingkingan kulawarga saha masyarakat. Lare estri dipunsosialisali minangka lare ingkang pasif saha dependen, Morris lumantar Sihite (1980:39). Saking andharan menika saged dipunpundhut dudutan bilih wanita menika kedah tumindhak ingkang femim jumbuh kaliyan gerder saking wanita. Model wanita ingkang dipunkajengaken kedah jumbuh kaliyan *social expectation* utawi jumbuh ingakng dipunkajengaken dening masyarakat, inggih menika nice girl,good women.

Pola saking wanita ugi dipijuhaken kaliyan gerder saking wanita ngengingi peran saha padamelan. Pramila menawi wanita nglamaphaken padamelan ingkang boten jumbuh kaliyan dhiri pribadi saha boten jumbuh menapa ingakng dipunkajenganken dening masyarakat, wanita menika saged dipunsebat *menyipang* utawi ketimpangan gender, Romany Sihite (2005:6).

## CARA PANALITEN

Anggenipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika katindakaken kanthi migunakaken teknik maos kaliyan teknik nyerat. Langkah-langkah analisisipun inggih menika:

1. dipuntindakaken kanthi maos kanthi tliti kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani. Kempalan cerkak menika dipunwaos

kanthi tliti supados angsal data ingkang trep kaliyan wosing panaliten menika, inggih menika ngandharaken citra wanita *feminisme* paraga tama.

2. Nyerat data sasampunipun dipunwaos. Data menika dipunserat kanthi merang-merang data ingkang jumbuh kaliyan perangan-perangan ingkang badhe dipunanalisis, supados langkung gampil anggenipun nganalisis data. Sasampunipun angsal data lajeng dipunanalisis migunakaken pendekatan kritik sastra feminis jumbuh kaliyan menapa ingkang badhe dipuntliti inggih menika perangan citra wanita.

#### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

Panaliten menika katindakaken kangge ndheskripikaken *kritik feminism* saha citra wanita wonten ing kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani. Kempalan cerkak *Maruku* menika dipunterbitaken ing taun 2011 dening panerbit Absolut. Kempalan cerkak *Maruku* menika gadhah ukuran 14x21 cm, kanthi gunggung 284 kaca. Kempalan cerkak *Maruku* menika nyariosaken gesangng para wanita ing masyarakat samanika, bilih kamardikan wanita sampun kalampahan satemah wanita boten namung dados kanca wingking kadosdene wanita ing jaman rumiyen. Saderengipun mlebet wonten ing perkawis *kritik feminism* saha citra wanita, wonten ing ngandhap menika wonten ringkesanipun kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani. Kempalan cerkak *Maruku* menika wonten 7 irah-irahan kathi paratamanipun wanita, inggih menika, 1) *Maruku*, 2) *Lading*, 3) *Ajuring katresnan*, 4) *Katiban guna-guna*, 5) *Balon lurah*, 6) *Abot sanggane*, 7) *Kembang asmara*.

Katiban guna-guna, 5) Balon lurah, 6) Abot sanggane, 7) Kembang asmara.

Panaliten menika katindakaken kangge ndheskripikaken *kritik feminism* saha citra wanita wonten ing kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani. Kempalan cerkak *Maruku* menika dipunterbitaken ing taun 2011 dening panerbit Absolut. Kempalan cerkak *Maruku* menika gadhah ukuran 14x21 cm, kanthi gunggung 284 kaca. Kempalan cerkak *Maruku* menika nyariosaken gesangng para wanita ing masyarakat samanika, bilih kamardikan wanita sampun kalampahan satemah wanita boten namung dados kanca wingking kadosdene wanita ing jaman rumiyen. Saderengipun mlebet wonten ing perkawis *kritik feminism* saha citra wanita, wonten ing ngandhap menika wonten ringkesanipun kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani. Kempalan cerkak *Maruku* menika wonten 7 irah-irahan kathi paratamanipun wanita, inggih menika, 1) *Maruku*, 2) *Lading*, 3) *Ajuring katresnan*, 4) *Katiban guna-guna*, 5) *Balon lurah*, 6) *Abot sanggane*, 7) *Kembang asmara*.

#### **1. Citra Wanita Paragatatama Ing Kempalan Cerkak *Maruku* Anggitanipun Titik Renggani.**

Pradopo (2005 : 80) ngandharaken bilih citra inggih menika wewayangan wonten ing nalar saha basa ingkang nggambarkan wewayangan menika. Citra wanita wonten ing karya sastra menika wigati sanget menawi badhe dipuntliti amargi saged ngandharaken nalar utawi wewayangan babagan wanita, kados pundi kadudukan kaliyan peranipun wanita wonten ing masarakat, saha menapa kemawon ingkang

dipungadhahi wanita ing lingkungan patriarki wonten ing karya sastra Ruthven (1984 : 24).

Dudutan saking andharan kasebat bilih wanita menika gadhah wewayangan utawi gambaran wonten ing salebetung karya sastra ingkang asring karembag. Citra wanita menika ingkang ndadosaken dhiri wanita menika asring dipundadosaken objek panaliten. Gegayutanipun antawisipun citra wanita kaliyan karya sastra katingal nalika wosing karya sastra kasebat nyariosaken babagan wanita.

Sakmenika badhe dipunandharaken asiling panaliten ingkang awujud tabel kangge *ndheskripsekaken* citra wanita paragatama wanita ing kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani. Paragatama wanita wonten ing kempalan cekak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani menika wonten pitu, inggih menika paraga Ratih, Darmi, Trisni, Rumiyanti, Bu Menik, Prastiwi saha Tami. Anggenipun *ndheskripsekaken* menika dipunperang kadosta ingkang sampun dipunandharaken wonten Bab II ngengingi teori citra wanita.

Analisis citra wanita ing panaliten menika dipuntingali saking analisis paragatama saha analisis *stereotipe*. *Data analisis* paragtama menika dipuntingali saking *peran* saha watakipun.

Jumbuh kaliyan panaliten ingakng sampun katindakaken bilih citra wanita saged dipun tingali saking kalih *aspeka*, inggih menika dipuntingali saking *analisis* paragatama saha *analisis stereotipe*.

#### **a. *Citra wanita dipuntingali saking analisis paragatama***

Menawi dipuntingali saking analisis paraga

ing panaliten menika dipunperang dados kalih inggih menika analisis saking peran saha watakipun paragatama. Saking perangan peran menika dipuntingali saking kalih perangan inggih menika peran ing kulawarga saha peran ing masyarakat.

#### **Analisis peran**

Saking panaliten peran ing kulawarga menika saged dipunpersani bilih paraga ing kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani menika gadhah peran minangka garwa, ibu, anak, adhi, saha adhi. Menawi dipntingali saking peran ing masyarakat menika minangka wanita *karir*, bakul tempe, *sekertaris*, bakul soto, tim sukses calon lurah, kariawan toko roti, saha kariawan pabrik.

#### **Analisis watak**

Saking analisis watak menika paragatama wanita ing kempalan cerkak *Maruku* anggitanipun Titik Renggani saged dipuntingali bilih paragatama kagungan watak ingkang manika warni, kadosta gemati, taberi, penggalihipun cupet, legawa, manut, jujur, gadhah tekad, licik, cilik ati, prasangka ala, saha kesed/ males.

#### **b. *Citra wanita dipuntingali saking analisis stereotipe***

Ing bab setunggal dipunandharaken bilih *kritik sastra femenisme* menika aliran wanita minangka pamaos (*woman as reader*) fokusipun ngrembag citra lan *stereotipe* wanita wonten ing sastra, klen tunipun panganggep babagan wanita wonten ing kritik saderengipun saha wonten ing sujarah satra ingkang kawujud dening priyayi kakung Showalter (1985: 130).

Saking panaliten lan pirembagan wonten ing bab sakderengipun, saged dipunpundhut dudutan ngengingi stereotipe wanita ing kempalan cerkak

Maruku anggitanipun Titik Renggani. Saking *analisis stereotipe* menika dipunpersani saking *emosional* saha *irasional* saking paragatatama wanita ing kempalan cerkak *Maruku*.

## **2. Kritik Feminisme Penimpangan Gender Ing Kempalan Cerkak Maruku Anggitanipun Titik Renggani**

Sugihastuti (2007:4) ngandharaken *Gender* boten perkawis ingkang tuwuhanalika manungsa lair saha boten perkawis ingkang dipun gadhahi dening manungsa, nanging *gender* menika perkawis ingkang manungsa lampahi. Feminisme gender menika panaliten ingkang bedakaken diri wanita kaliyan diri priyantun kakung.

Wanita dipunsebat *menyimpang* amargi wanita menika nindakaken lamapahan ingkang boten patrapipun minangka wanita miturut masyarakat. Ing masyarakat rumiyen wanita menika dipungegambaraken minangka wanita lemah, boten gadhah daya lan namung dados kanca wingking. wanita ingkang dugi saha nyambut damel ing margi dipunanggep aneh saha ketinggal negatif. nganalisis penimpangan gender menika ngandharaken tuladha-tuladha wanita ing jaman samanika sampun mardika saha peranipun saking wanita sampun seajar kaliyan priyantun kakung.

Saking panaliten ing nginggil saged dipunpundhut dududtan saking penimpangan gender paragatama wanita ing kempalan cerkak maruku anggitanipun Titik Renggani. Paniliten ing nginggil saged ketinggal bilih penimpangan gender saking paragata tama wanita ing kempalan cerkak maruku maneka warna. Nanging sedaya paragatamanipun menika gambaraken wanita ingkang sampun mardika lan ugi peranipun sami kaliyan priyayi kakung. Perkawis menika ingkang nedahaken bilih paragatama wanita ing kempalan

cerkak maruku menika saged dipunanalisis mawi ketimpangan gender.

## **DUDUTAN**

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan panaliten kanthi irah-irahan “*kritik Sastra Feminis Ing Kempalan Cerkak Maruku Anggitanipun Titik Renggani*”, saged dipunpundhut dududtanipun wonten ing ngndhap menika.

### **Citra Wanita Paragatatama Ing Kempalan Cerkak Maruku Anggitanipun Titik Renggani.**

citra wanita saged dipun tingali saking kalih *aspeka*, inggih menika dipuntingali saking *analisis* paragatama saha *analisis stereotipe*.

### **Citra wanita dipuntingali saking analisis paragatama**

Panaliten menika dipunperang dados kalih inggih menika analisis saking peran saha watakipun paragatama. Saking perangan peran menika dipuntingali saking kalih perangan inggih menika peran ing kulawarga saha peran ing masyarakat.

#### **Analisis peran**

Peran ing kulawarga: garwa, ibu, anak, adhi, saha adhi. Menawi dipuntingali saking peran ing masyarakat menika minangka wanita *karir*, bakul tempe, *sekertaris*, bakul soto, tim sukses calon lurah, kariawan toko roti, saha kariawan pabrik.

#### **Analisis watak**

Paragatama kagungan watak ingkang manika warni, kadosta gemati, taberi, penggalihipun cupet, legawa, manut, jujur, gadhah tekad, licik, cilik ati, prasangka ala, saha kesed/males.

c. Citra wanita dipuntingali saking analisis

### *stereotype*

Saking analisis *stereotype* menika dipunpersani saking *emosional* saha *irasional* saking paragatatama wanita ing kempalan cerkak *Maruku*.

a. *Kritik Feminisme Penimpangan Gender Ing Kempalan Cerkak Maruku Anggitanipun Titik Renggani*

Penimpangan gender saking paragata tama wanita ing kempalan cerkak maruku maneka warna. Nanging sedaya paragatamanipun menika gambaraken wanita ingkang sampun mardika lan ugi peranipun sami kaliyan priyayi kakung. Perkawis menika ingkang nedahaken bilih paragatama wanita ing kempalan cerkak maruku menika saged dipunanalisis mawi ketimpangan gender.

## KAPUSTAKAN

Djoko Damono, Sapardi. 2009. *Pengkajian Kritik Sastra Indonesia*. Jakarta : PT Grasindo

Endraswara, Suwardi. 2004. *Metodologi Penelitian Sastra : Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta : Pustaka Widayatama

Ismawati, Esti. 2014. *Kritik Satra*. Yogyakarta: Ombak

Fakih, Mansour. 2006. *Analisis Gender dan Transformasi Sosial*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar

Lestari, Wiji Budi. 2014. *Kritik sastra feminismne idiologis wonten ing novel Jemini anggitanipun Suparto Brato*. Skripsi S1. Yogyakarta : Pogram Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY

Nurdiana, Kingkin Winanti. 2008. *Citra Wanita Jawa Dalam Novel Dom Sumurup Ing Banyu Bening Karya Suparta Brata (Sebuah Kajian Feminis)*. Skripsi S1. Yogyakarta : Pogram Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY

Mahayana, Maman S. 2015. *Kitab Kritik Satra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor

Pradopo, Rochmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta. Gajah Mada University Press

Rejeki, Kartina Sri. 2013. *Citra Perempuan Jawa dalam Cerbung Teratai Wungu Kaarya Ibne Damayanti (Sebuah Kajian Kritik Sastra Feminis)*. Skripsi S1. Yogyakarta : Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY

Renggani, Titik. 2011. *Maruku*. Yogyakarta : Narasi

Ruthven, KK. 1984. *Feminist Literary Studies : An Instruction*. Cambridge :Cambridge University Press

Satiyoko, Yohana Adhi. 2010. *Sandal Goreng : Antalogi Cerkak,Ppeningkatan Kreativitas Penulisan Sastra Jawa*. Yogyakarta : Balai Bahasa Yogyakarta

Suaka, Nyoman. 2014. *Analisis Sastra : Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta. Ombak

Sihite, Romany. 2005. *Perempuan, Kesetaraan, Keadilan*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada

Sugihastuti dan Suharto. 2002. *Kritik Sastra Feminis : Teori dan Aplikasinya*.Yogyakarta : Pustaka Pelajar

Sugihastuti, dan Itsna Hadi Saptiawan. 2003. *Gender dan Inferioritas Perempuan: praktik kritik sastra feminis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Susanto, Dwi. 2013. *Kamus Istilah Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar

Tim Penyusun. 2015. *Panduan Tugas Akhir*. Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Wayuni, Budi. 1997. *Terpuruk Ketimpangan Gender*. Yogyakarta: Lapera

Wiyatmi. 2012. *Kritik Sastra Feminisme: teori dan aplikasi dalam sastra Indonesia*. Yogyakarta: Ombak